# Адыгэ макъ

№ 229 (19994)
2011-рэ илъэс
ГЪУБДЖ
ШЭКIОГЪУМ и 29-рэ

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет




# Адыгеим и ЛIышъхьэ ВПП-у «Единэ Россием» ия XII-рэ зэфэс хэлэжьагъ

**ВПП-у «Единэ Россием» ия XII-рэ зэфэс къалэу Москва СК-у «Лужники», шэкIогъум и 27-м щыкIуагъ, делегат ыкIи хьакIэ мин 11 ащ хэлэжьагъ. Зэфэсым иунашъокIэ Урысые Федерацием и Президент IэнатIэкIэ Урысые Федерацием и Правительствэ и Тхьаматэу Владимир Путиным икандидатурэ къагъэлъэгъуагъ.**

Шъугу къэтэгъэкIыжьы: мы илъэсым иIоныгъо мазэ Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым ащ фэдэ предложение къахилъхьэгъагъ ыкIи зигугъу къэтшIыгъэ партием хэтхэм ащ къыдырагъэштэгъагъ.

Цыхьэ къызэрэфашIыгъэмкIэ зэфэсым хэлажьэхэрэм Владимир Путиныр зэрафэразэр ыкIи Урысыем и Президентэу зыхадзыкIэ хэгъэгум хэхъоныгъэ егъэшIыгъэным кIуачIэу иIэр зэкIэ зэрэрихьылIэщтыр ариIуагъ.

Зэфэсым партием ипрограммэ ипроект щаштагъ, а проектым икъыхэхын нэбгырэ миллион 1,5-м ехъу хэлэжьагъ. Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, тыгъэгъазэм и 4-м парламент хэдзынхэу щыIэщтхэм «Единэ Россием» защыдырагъаштэкIэ, ПрезидентынымкIэ кандидатэу партием къыгъэлъэгъуагъэми амакъэ фатыгъэу плъытэмэ хъущт.

Зэфэсыр зызэфашIыжь нэуж Дмитрий Медведевымрэ Владимир Путинымрэ партиеу «Единэ Россием» хэдзынхэмкIэ ирегион спискэхэм ялIыкIохэм аIукIагъэх.

Адыгеим и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан журналистхэм адыриIэгъэ зэдэгущыIэгъум партием изэфэс щаштэгъэ унашъохэм мэхьанэшхо зэряIэр щыхигъэунэфыкIыгъ.

— Владимир Путиным икандидатурэ тэ дедгъэштагъ. Урысыем и Президент IэнатIэ Iутызэ Адыгэ Республикэми, Урысыеми тапэкIэ хэхъоныгъэ ашIыным ар зэрэфэлэжьэщтым сицыхьэ телъ, — ыIуагъ республикэм и ЛIышъхьэ.

***Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу***



*Сурэтхэр А. Гусевым тырихыгъэх.*

# АДЫГЕИР хэдзынхэм афэхьазыр

**Урысые Федерацием и Къэралыгъо Думэ идепутатхэм яхэдзынхэр тыгъэгъазэм и 4-м зэхащэщтых. Ащ ипэгъокIэу УФ-м хэдзынхэмкIэ и Гупчэ комиссие и Тхьаматэу Владимир Чуровыр тыгъуасэ Мыекъуапэ щыIагъ ыкIи Адыгэ Республикэм хэдзынхэмкIэ и Гупчэ комиссие итхьаматэу Хъут Юрэ IофшIэгъу зэIукIэгъу дыриIагъ.**

Мы тхьаумафэм кIощт хэдзынхэм республикэр зэрафэхьазырым, хэдзакIохэм яголосхэр автоматикэ шIыкIэм тетэу къэзылъытэщтхэ комплексхэр зэрагъэфедэщтхэ шIыкIэм, нэмыкI Iофыгъохэми ахэр атегущыIагъэх, анахьэу анаIэ зытырагъэтын фэе лъэныкъохэр къагъэнэфагъэх.

Нэужым В.Чуровыр тикъэлэ шъхьаIэ дэт хэдзыпIэ участкэу N 127-м екIолIагъ, ащ иIофшIэн зэрэзэхищэрэм зыщигъэгъозагъ ыкIи ылъэгъугъэм осэшIу фишIыгъ. Сыд фэдэрэ лъэныкъокIи республикэр хэдзынхэм зэрафэхьазырыр, хэукъоныгъэ инхэр зэрэщымыIэхэр ащ зэфэхьысыжьэу къышIыгъэх.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

# Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ и Указ

**Адыгэ Республикэм ищытхъуцIэхэр афэгъэшъошэгъэнхэм ехьылIагъ**

Научнэ IофшIэным гъэхъагъэхэр зэрэщишIыгъэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм наукэмкIэ изаслуженнэ IофышIэшху»** зыфиIорэр

**ЕмтIылъ Разыет Хьаджыбирам ыпхъум** — тарихъ шIэныгъэхэмкIэ кандидатым, доцентым, къэралыгъо учреждениеу «Гуманитар ушэтынхэм апылъ Адыгэ республикэ институтэу Т.М. КIэращэм ыцIэкIэ щытым» иведущэ научнэ IофышIэ фэгъэшъошэгъэнэу.

Культурэм ылъэныкъокIэ гъэхъагъэхэр зэриIэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм культурэмкIэ изаслуженнэ IофышI»** зыфиIорэр

**Москвина Ольгэ Игорь ыпхъум** — кIэлэцIыкIухэм гъэсэныгъэ тедзэ языгъэгъотырэ муниципальнэ учреждениеу «ИскусствэхэмкIэ кIэлэцIыкIу еджапIэу N 1-м» икIэлэегъаджэ фэгъэшъошэгъэнэу.

ЖурналистикэмкIэ гъэхъагъэхэр зэрашIыгъэхэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу Iоф зэрашIэрэм афэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ журналист»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**ЗекIогъу Мурат Мухьдин ыкъом** — Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу иведущэ консультант,

**Тэу Замирэ Дзэпщ ыпхъум** — федеральнэ къэралыгъо унитарнэ предприятиеу «Урысые къэралыгъо телерадиокомпанием» икъутамэу къэралыгъо телерадиокомпаниеу «Адыгея» зыфиIорэм тематикэ къэтынхэмкIэ икъулыкъу ипащэ.

Туризмэм изегъэушъомбгъункIэ гъэхъагъэхэр зэриIэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм туризмэмкIэ изаслуженнэ IофышI»** зыфиIорэр

**КIыкI Ерстэм Махьмудэ ыкъом** — акционер обществэ зэфэшIыгъэу «Интурист-Адыгея» зыфиIорэм игенеральнэ директор фэгъэшъошэгъэнэу.

***Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу***
***ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан***

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 24-рэ, 2011-рэ илъэс
N 139

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Электроэнергиеу агъэфедэрэр къызэралъытэрэ Iэмэ-псымэхэр щымыIэхэ зыхъукIэ, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм япхыгъэу электроэнергиеу агъэфедэн алъэкIыщтымкIэ шапхъэу щыIэхэм зэхъокIыныгъэ афэшIыгъэным ехьылIагъ**

Законодательствэм диштэу гъэпсыгъэным фэшI Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ешIы:**

1. Электроэнергиеу агъэфедэрэр къызэралъытэрэ Iэмэ-псымэхэр щымыIэхэ зыхъукIэ, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм япхыгъэу электроэнергиеу агъэфедэн алъэкIыщтымкIэ шапхъэхэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2010-рэ илъэсым Iоныгъом и 14-м ышIыгъэ унашъоу N 171-р зытетэу «Электроэнергиеу агъэфедэрэр къызэралъытэрэ Iэмэ-псымэхэр щымыIэхэ зыхъукIэ, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм япхыгъэу электроэнергиеу агъэфедэн алъэкIыщтымкIэ шапхъэу щыIэхэм яхьылIагъ» зыфиIорэмкIэ аухэсыгъэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2010, N 9) зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, мыщ фэдэ абзацым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу: «фэтэрыбэу зэхэт унэхэм ячIыпIэхэу зэдагъэфедэхэрэр ыкIи а унэхэм ящагухэр зэрагъэнэфыхэрэм, зэдагъэфедэрэ телеантеннэхэм, машIом зыкъымыштэнымкIэ автоматикэм ыкIи Iугъор изыщырэ системэхэм электроэнергиеу апэIухьан фаемкIэ шапхъэр — зы нэбгырэм телъытагъэу мазэм къыкIоцI  кВт-сыхь. 7.».

2. Адыгэ Республикэм уасэхэмрэ тарифхэмрэ ягъэнэфэнкIэ и ГъэIорышIапIэ мы унашъом игъэфедэн къызэхэзыфырэ къэбархэр ригъэгъусэнхэу.

3. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэ ипшъэрылъхэр зыгъэцакIэу*
***Алексей ПЕТРУСЕНКО***

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 24-рэ, 2011-рэ илъэс
N 243

# Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

Законым игъэцэкIэнкIэ, цIыфхэм яфитыныгъэхэмрэ яшъхьафитыныгъэхэмрэ мыукъогъэнхэмкIэ еIолIэнчъэу ипшъэрылъхэр зэригъэцакIэхэрэм, Iофэу зыфэгъэзагъэмкIэ гъэхъэгъэ инхэр зэришIыхэрэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Корнишева Людмилэ Станислав ыпхъум,** суд приставхэм я Мыекъопэ къэлэ отдел ипащэ игуадзэ — суд приставхэм я Федеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу Адыгэ Республикэм щыIэм исуд пристав шъхьаIэ игуадзэ.

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу гъэсэныгъэм ылъэныкъокIэ Iоф зэришIэрэм, къыткIэхъухьэхэрэм яегъэджэнрэ япIунрэкIэ, кIэлэцIыкIухэм ятворческэ амалхэм зягъэушъомбгъугъэнымкIэ гъэхъагъэу иIэхэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Индрысэ Светланэ Юрэ ыпхъум,** Кощхьэблэ районымкIэ къуаджэу Блащэпсынэ дэт МБОУ-у «Гурыт еджапIэу N 5-р» зыфиIорэм ублэпIэ классхэмкIэ икIэлэегъаджэ.

# ХЭДЗЫНХЭМ зэрафэхьазырхэм тегущыIагъэх



Политическэ партиехэм яреспубликэ отделениехэмрэ АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэрэ ялIыкIохэм гъэзетэу «Аргументы и факты» зычIэт унэм джырэблагъэ зэIукIэгъу щыряIагъ. Пшъэрылъ шъхьаIэу щытыгъэр хэдзынхэр щынэгъончъэу рекIокIынхэмкIэ хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ къулыкъухэм ухьазырыныгъэу аIэкIэлъыр гъэнэфэгъэныр ары.

Урысые Федерацием и Къэралыгъо Думэ идепутатхэм яхэдзынхэу къэблагъэхэрэм афэгъэхьыгъэу къэгущыIагъ АР-м хэдзынхэмкIэ и Гупчэ комиссие итхьаматэ игуадзэу Фанюс Казыхановыр.

Нэужым хэдзынхэр щынэгъончъэу ыкIи хэукъоныгъэ хэмытэу зэхащэнхэмкIэ правэухъумэкIо къулыкъухэм зэрахьэрэ Iофтхьабзэхэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ министрэм игуадзэу Геннадий Березиным ягугъу къышIыгъ. Ащ зэрэхигъэунэфыкIыгъэмкIэ, полицием икъулыкъушIэ мини 2-м ехъурэмэ общественнэ рэхьатныгъэр къаухъумэщт. ЦIыфым гъучIым хэшIыкIыгъэ пкъыгъо хэлъмэ зыгъэунэфырэ детекторхэр мы илъэсым апэрэу агъэфедэщтых. Джащ фэдэу макъэхэр зыщатыщтхэ мафэм хэдзыпIэ чIыпIэхэм автотранспортыр благъэу рагъэкIолIэщтэп. Ащ фэдэ екIолIакIэхэр къыхахынхэр къызыхэкIыгъэр партиехэм ялIыкIохэм зэхашIыкIынэу Геннадий Березиныр къяlъэIугъ.

А зэпстэури цIыфхэм ящынэгъончъагъэ ыкIи шъхьафитэу амакъэ зыфаем фатыным фэIорышIэх.

***IЭШЪЫНЭ Сусан.***

# КЪЭБАРЫКIЭХЭР

## Мэфэпчъ-энциклопедие къыдагъэкIыгъ

**Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм игъэзетэу «Адыгэ псалъэм» иредактор шъхьаIэу, республикэм и Адыгэ Хасэ итхьаматэу ХьашIуцIэ Мыхьамэтрэ Орыщэ Нуралыйрэ лъэпкъ мэфэпчъ къыдагъэкIыгъ. Ащ мэфэпчъ-энциклопедиекIэ еджагъэх. Мы IофшIэгъэшхом зыми щымыгъотыщт къэбар гъэшIэгъонхэр зэфэшъхьафхэу итых. Ахэр зэхэзыгъэуцогъэ авторхэм яIэубытыпIагъэхэр хъарзынэщхэм къачIахыгъэх, тхакIохэм, сурэтышIхэм, общественнэ организациехэм къапкъырахыгъэх.**

Мэфэпчъыр гъэшIэгъонэу ыкIи узIэпищэу щыт. Адыгэ лъэпкъым щызэлъашIэрэ цIыфхэм (IэкIыб хэгъэгухэм ащыпсэухэрэри къыхиубытэхэу) якъэбархэр, узыгъэгъозэрэ справкэхэр, хъугъэ-шIагъэхэм афэгъэхьыгъэ пчъагъэхэр ащ итых. Лъэпкъым къыхэкIыгъэ нэбгырэ 1400-мэ афэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр мэфэпчъ-энциклопедием ибгъотэщтых.

Ащ иугъоин илъэситфэ пылъыгъэх, джы ар итиражкIэ мини 3 хъоу къыдагъэкIыгъ. Зыщащэщтыр адыгэхэр зыщыпсэурэ Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс, Адыгэ республикэхэр ары.

Апэ, 2007-рэ илъэсым, къыдагъэкIыгъэгъэ мэфэпчъым фэдэ сэ сшъхьэкIэ сиI. IофшIапIэми щысэгъэфедэ, ишIуагъэ къысэкIы. Унагъо пэпчъ ащ фэдэ мэфэпчъ илъмэ, тилъэпкъи, тыбзи, тицIыф цIэрыIохэми афэгъэхьыгъэу къэбар гъэшIэгъоныбэ ащ къыдэпхын плъэкIыщт. Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм къыщыдагъэкIыгъэ мэфэпчъым нахьыбэу къыдагъэхьагъэхэр ежь яреспубликэ щыщ цIыфхэр ары, ау тиреспублики, КъЩР-м щыпсэурэ адыгэхэри ащыгъупшагъэхэп.

Зигугъу къэтшIырэ мэфэпчъыр джы ятIонэрэу, дэт къэбархэм ахэхъуагъэу, къыдэкIыгъ, ащ тызэригъэхъопсэгъэ Iофыгъуи щыI: сыда Адыгэ Республикэми ащ фэдэ мэфэпчъ къызкIыщыдэтымыгъэкIырэр? Общественнэ организациеу «Адыгэ Хасэми», тишIэныгъэлэжьхэми, АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитети яIофышIэхэм мы Iофыгъор къаIэтымэ, мэфэпчъым изэхэгъэуцонрэ икъыдэгъэкIынрэ имылъкукIи, иуахътэкIи, ышъхьэкIи IэпыIэгъу къафэхъунхэр цIыфхэм къахэкIыщтых.

***ШЪАУКЪО Аслъангуащ.***

# ПшъэдэкIыжьыр агъэлъэшыгъ

**Алиментхэр игъом зымытыхэрэм япчъагъэ мы аужырэ илъэсхэм хэпшIыкIэу зэрахэхъуагъэр нафэ. Сабыим къытефэрэ ахъщэр ны-тыхэм (анахьэу хъулъфыгъэхэм) къаIахыным пае правэухъумэкIо органхэм судым зыфагъазэу е ежь зэшъхьэгъусэхэр ащ езэрэтыжьхэу бэрэ къыхэкIы. Ау ащ унэшъо гъэнэфагъэ ышIыгъэми, ар зыгъэцакIэрэр мэкIэ дэд. Мы лъэныкъомкIэ суд приставхэм зэшIуахырэр макIэп нахь мышIэми, Iофхэм язытет джыри уигъэрэзэнэу щытэп. ЧIыфэ зытелъхэр Урысые Федерацием икIынхэ фитхэп, ау ащ хэта къыгъэуцурэр? Нахьыбэрэм IофшIэпIэ чIыпIэхэр ямыIэхэу, лэжьапкIэ къаIэкIэмыхьэу аIо. Бай дэдэхэу зисабый зымыIыгъыжьхэрэри, алиментхэр зымытыхэрэри бэдэд. Ахэр судым къызыращалIэхэкIэ, къагъахъэу е илъэсым федэу къаIэкIэхьагъэр мэкIэ дэдэу къагъэлъагъо. КIэкIэу къэпIон хъумэ, гъот макIэ зиIэхэми, ахъщэшхо къызыIэкIахьэхэрэми ясабыйхэм алъэныкъокIэ пшъэдэкIыжьэу ахьын фаер къагурыIорэп е къызыгурагъэIонэу фаехэп.**

Зэрэ Урысые фэдэу Адыгэ Республикэми мы гумэкIыгъом идэгъэзыжьын мэхьанэшхо щыраты. Суд приставхэм я Федеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм ипащэу, суд пристав шъхьаIэу Дмитрий Ткаченкэм пчъагъэрэ къызэрэхигъэщыгъэу, алиментхэр игъом зымытыхэрэм пшъэдэкIыжьэу ахьырэр нахь гъэлъэшыгъэн фае. Мы аужырэ уахътэм а лъэныкъомкIэ къэралыгъом лъэбэкъу гъэнэфагъэхэр ышIыгъэх. УФ-м изаконодательствэ къызэрэдилъытэу, судым унашъоу ышIыгъэр зымыгъэцакIэхэрэм сыхьати 120-м къыщегъэжьагъэу 180-м нэсэу шIокI имыIэу Iоф ашIэн, ащ фэдэ IофшIакIэр илъэсми нэсын ылъэкIыщт. Мыхэм анэмыкIэуи мэзищым шIомыкIырэ хьапси атыралъхьэ. Уголовнэ Iоф къызэIуахынымкIэ унашъо зышIырэр суд приставхэм якъулыкъу ары.

Алиментхэр зымытыхэрэм пшъэдэкIыжьэу арагъэхьырэр зэрагъэлъэшыгъэм ишIуагъэ къэкIонэу суд приставхэм алъытэ. Сабыим иIыгъын пэIухьан фэе ахъщэр игъом къэзымытIупщырэ ны-тыхэм къагурыIон фаер зы — административнэ пшъэдэкIыжьым дакIоу ахэм уголовнэ Iофи къафызэIуахын алъэкIыщт. Ащ Iофыр намыгъэсэу япшъэрылъхэр агъэцэкIэнхэу, ячIыфэхэр апщыныжьынхэу суд приставхэм ахэм закъыфагъазэ.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

ПСЫКЪИУНЫР

# IэпыIэгъунчъэу къагъэнагъэхэп

**Илъэсэу тызыхэтым ижъоныгъокIэ мазэ и 23— 24-м ощхышхоу къещхыгъэм ыпкъ къикIэу псыхъохэу Къурджыпс, Лабэ, Шъхьагуащэ, Пшехэ, Фарзэ янэпкъхэм къадэкIыхи, Мыекъопэ, Шэуджэн, Кощхьэблэ ыкIи Джэджэ районхэм япсэупIэхэм къакIэуагъэх. ПстэумкIи псэупIэ 33-рэ зэрэхъущтыгъэр, унэхэр 2152-рэ. Ахэм ащыщэу 48-р зэхэуагъэ. Нахьыбэу псым зэрар къызфихьыгъэхэр Джэджэ районымкIэ станицэу Дондуковскэр, Шэуджэн районымкIэ къуаджэхэу Къэбыхьаблэрэ Пщычэурэ. Нэужым къызэралъытагъэмкIэ, псыкъиугъэм сомэ миллион 750-м ехъу зэрар къыхьыгъ.**

Псыр къызакIэом АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъанрэ Премьер-министрэу КъумпIыл Муратрэ Джэджэ, Шэуджэн ыкIи Кощхьэблэ районхэу зиIофхэр нахь дэйхэр къакIухьагъэх, цIыфэу гузэжъогъу чIыпIэ ифагъэхэм заIуагъэкIагъ, зэрарэу къафихьыгъэр зэрагъэлъэгъугъ. Псыр куоу джыри унабэм акIэтыгъ, зэхигъэуагъэхэри къахэкIыгъэх. Анахь шъхьаIэу, узыгъэгушIонэу мы Iофым хэлъыгъэр цIыф зэрэхэмыкIодагъэр ары. АР-м и ЛIышъхьэ ипсалъэ ар къыщыкIигъэтхъыгъ. Джащ фэдэу комиссие зэхащэнышъ, зэрарэу псыкъиуным къыхьыгъэр зэрагъэунэфыщтыр, бгъэцэкIэжьын умылъэкIыщт унэхэм ачIыпIэкIэ кIэу зэрафашIыщтхэр, ахъщэ IэпыIэгъуи зэраратыщтыр зыIукIагъэхэм ариIуагъ. Республикэм ипащэхэр Iофым ыгъэгумэкIыхэу къызэрэкIуагъэхэм, IэпыIэгъукIэ къызэрагъэгугъэхэрэм фэшI къызэрафэразэхэр нахьыбэм къыраIотыкIыгъ, «тхьашъуегъэпсэу» къараIуагъ. Шъыпкъэ, ошIэ-дэмышIэу къэхъугъэ тхьамыкIагъом ыгъэщтэгъэ цIыфэу джыри псыр зиунэ итхэм, зищагу дэтхэм зыгу мышIоу, цыхьэ зымышIыхэрэри къахэкIыщтыгъэх.

Арэу щытми, пащэхэм аIуагъэр агъэпцIыжьыгъэп, цIыфэу гузэжъогъу чIыпIэ ифагъэхэр гум ранагъэхэп. Нэужым мыщ фэдэу зэп-тIоп Правительствэм ипащэ мы районхэм зэращыIагъэр, зэхэсыгъохэр зэращызэхищагъэхэр. Хэзыгъэ имыIэу Iофхэм язытет ащ зыщигъэгъуазэщтыгъ, амыгъэтэрэзырэм е зынэмысыхэрэм апае районхэм ыкIи поселениехэм япащэхэм пхъашэу адэгущыIэщтыгъ. КIочIэ пстэоу щыIэр мы псэупIэхэм аратэкъулIэгъагъ, къулыкъу пэпчъ шIокI имыIэу ипшъэрылъхэр ыгъэцэкIагъэх. Ащ ишыхьат цIыф зэрэхэмыкIодагъэр, шъобж зыми зэрэхимыхыгъэр, щагубзыухэм е былымхэм уз къызэрахэмыхьагъэр, ежь цIыфхэми зэпахырэ уз зэрэхамыхыгъэр. Мылъкоу ашIокIодыгъэри макIэу пIон плъэкIыщтэп, ар зэрарышху, ау мыхэр къыхэхьажьыгъагъэмэ, нахь тхьамыкIэгъожь хъущтыгъэ.

Республикэм ипащэхэм къызэраIогъагъэу, мэкъуогъу мазэм иапэрэ мафэхэм цIыфхэм республикэ бюджетым къыхэхыгъэ зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъур аратыгъ. Псыр зищагу дэхьагъэхэм сомэ мини 10, зиунэ ихьагъэхэм мин 15-м анэсэу афатIупщыгъ. ЗэкIэмкIи сомэ миллион 28-м ехъу унэгъо 2477-мэ (нэбгырэ 8450-рэ ащэпсэу) аратыгъ. Джащ фэдэу псыр къызыкIэогъэ унагъохэм арыс сабыйхэр лагерьхэм, санаториехэм агъэкIуагъэх. Унэ зимыIэу къэнагъэхэр гъэмэфэ уахътэм палаткэхэм арагъэтIысхьэгъагъэх. Бжыхьэр къэси, чъыIэ къызэхъум ахэм бэджэндэу унэхэр афаубытыгъэх. Шъыпкъэ, мыщ къызэсыхэм Iофыр зэшIохыгъошIу хъугъэп. Анахьэу станицэу Дондуковскэр ары Iофыгъохэр къызыдэкIыгъэхэр. Унэ зимыIэу къэнагъэхэм янахьыбэм япсэупIэжъхэр къабгынэнхэу фэягъэхэп. Ащ пае Премьер-министрэм мы псэупIэм зэхэсыгъо щызэхищэгъагъ. ЦIыфхэр IэпыIэгъунчъэу къызэрамыгъэнэщтхэр, псэупIэ сертификатхэр къэкIофэхэ унэ уасэхэр Правительствэм зэрафитыщтхэр агурагъэIонышъ, палаткэхэм, къакъырхэм, гаражхэм къачIащынхэу, бэджэндэу унэхэр афаубытынхэу къафигъэпытэгъагъ. Нэужым ахэм ащыщ къакъыри, гаражи щыпсэужьыгъэп, бэджэндэу афаубытыгъэ унэхэм арысхэу псэупIэ сертификатхэм яжагъэх.

ПсэупIэхэм ямызакъоу, псыр губгъо лэжьыгъэхэм къакIэогъагъ. ЗэкIэмкIи гектар мини 2,2-м изэрар аригъэкIыгъ. ТехникэкIи, чылапхъэкIи, чIыгъэшIухэмкIи адеIэхэзэ елбэтэу ахэр икIэрыкIэу апхъыжьыгъэх, Россельхозбанкыри чIыгулэжьхэм IэпыIэгъу къафэхъугъ. Ащ имызакъоу, дамбэу псым Iуихыгъэхэр гъэпытэжьыгъэнхэ фэягъэ. Федеральнэ ахъщэу ащ пае къатIупщыщтым емыжэхэу кредит къэкIуапIэхэр агъэфедэхи, чъыIэ къэмыхъузэ нэпкъыхэм ягъэпытэжьын рагъэжьагъ.

Джа IофшIэн пстэумэ адакIоу псыкъиуным зэрарэу къыхьыгъэр комиссием етIупщыгъэу къылъытагъ, пчъагъэхэр охътабэ тырамыгъашIэу агъэнэфагъэх. Мыщ дэжьым цIыфхэм юридическэ IэпыIэгъу зэрящыкIагъэри къыщынэфагъ, нотариальнэ конторэм иIофышIэхэр мы Iофым къыхагъэлэжьагъэх. Амал пстэури рахьылIи, амыгъэгужъоу федеральнэ Гупчэм IэпыIэгъу къаритыным пае тхылъхэр агъэхьазырхи атIупщыгъэх.

Республикэм тхылъхэр ымыгъэгужъуагъэхэми, Гупчэм ахэм охътэ кIэкIым ащыхэплъэнхэу хъугъэп. ПсэупIэ сертификатхэр джыры ныIэп къызыкIуагъэхэр, ау ахъщэ IэпыIэгъоу къызэрагъэгугъагъэхэр нахьыпэкIэ къафатIупщыгъ. УФ-м иIэпэчIэгъэнэ фонд щыщэу сомэ миллиони 125-рэ шэкIогъум и 9-м республикэм къыфэкIуагъ ыкIи ар елбэтэу цIыфэу псыкъиугъэм зэрар къызфихьыгъэхэм ясчетхэм арагъэхьагъ. Зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъоу зы нэбгырэм телъытагъэмэ сомэ мини 10 хъурэр аратыгъ. Ар зыIэкIэхьагъэр нэбгырэ 3803-рэ мэхъу. Зимылъку щыщ зышIокIодыгъэхэм зы нэбгырэм телъытагъэу сомэ мин 50, зимылъку зэрэщытэу чIэзынагъэхэм зы нэбгырэм телъытагъэу сомэ мини 100 аратыгъ. Нэбгырэ 1558-мэ ащ фэдэ IэпыIэгъу агъотыгъ.

Мары мы тхьамафэу икIыгъэм, гъубдж мафэм, псэупIэ сертификатхэр республикэм къэсыгъэхэу, унэ зимыIэу къэнагъэхэм етIупщыгъэу аратых.

Мыр федеральнэ IэпыIэгъоу зэрэщытым пае республикэм ишIушIагъэ хэмылъэу зыIони бгъотыщт, ау... Псыкъиугъэм зэрарэу цIыфхэм къафихьыгъэр Адыгеим и Правительствэ къымылъытагъэу, ищыкIэгъэ тхылъхэр ымыгъэхьазырыгъэхэу, Iофхэм язытет Гупчэм игъом ыкIи икъоу лъимыгъэIэсыгъэмэ, ахъщэ IэпыIэгъури сертификатхэри зыми къафитIупщыщтыгъэхэп.

***ХЪУТ Нэфсэт.***

*Сурэтхэр Iэшъынэ Аслъан къытырихыгъэх.*









# Мамырныгъэр, зэкъошныгъэр дышъэм пэщачэх

**АР-м ныбжьыкIэ Iофхэмк Iэ и Комитет, Адыгэ республикэ ыкIи Краснодар край библиотекэхэу зихэхъогъухэм апае Iоф зышIэхэрэр кIэщакIо зыфэхъугъэхэ шъолъыр викторинэу «Нет чужих среди народов» («ЦIыф лъэпкъхэм хымэ е лые зи ахэтэп») зыфиIорэр шэкIогъум и 23-м Мыекъуапэ щыIагъ.**

IофтхьабзэР тарихъ мэхьанэ иIэу, апшъэрэ еджапIэхэм ащеджэрэ ныбжьыкIэхэм Кавказым итарихъ, ихъишъэ, икультурэ, илитературэ зыфэпIощтхэмкIэ аIэкIэлъ шIэныгъэхэр раушэтэу ыкIи Кавказым цIыф лъэпкъыбэу щыпсэухэрэм азыфагу сыдигъуи зэгурыIоныгъэ, зэрэлъытэныгъэ, мамырныгъэ, зэкъошныгъэ илъынхэм фэшIушIэу, мэфэкI шъуашэ иIэу гъэпсыгъагъэ.

Темэ шъхьаIэу викторинэм иIагъэр: я XVIII-рэ лIэшIэгъум ыкIэм — я XIX-м икъихьагъум урыс-адыгэ зэфыщытыкIэхэр зыфэдагъэхэр ары. Ащ елъытыгъэу, географиер, тарихъыр, лъэпкъ топонимикэр, культурэр, щыIэкIэ-псэукIэ хабзэхэр, Кавказым мы уахътэм щызэдэпсэущтыгъэ цIыф лъэпкъхэм азыфагу политическэ шапхъэу илъыгъэхэр ашIэнхэ фэягъэ.

Шъолъыр шIэныгъэ-ушэт викторинэм хэлэжьагъэх АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу Евгений Саловыр, АР-м ныбжьыкIэ IофхэмкIэ и Комитет ипащэу Къэрэтэбэнэ Мыхьамодэ, АР-м и МВД экстремизмэм пэшIуекIогъэнымкIэ иотдел иIофышIэу Артур Шахвердян. Ахэм тарихъ мэфэкIым




хэлэжьэрэ ныбжьыкIэхэм псэлъэ зафэкIэ закъыфагъэзагъ. Уитарихъ ылъапсэ шъыпкъэм тетэу зэбгъэшIэным, зэхэпфыным осэшхо зэряIэр, непэрэ мафэм щыуиIэ мурадхэр ащ нахь нафэ къашIэу, къызэрагъэпсынкIэрэр, шIэныгъэр IэшэшIоу зэрэщытыр кIагъэтхъыгъ. Мыхэр Адыгеим икомандэу **«Нартхэр»** ыкIи Краснодар иеу «93 регион» зыфиIохэу викторинэм щызэIукIагъэхэм рахьыжьэгъэ Iоф инымкIэ къафэгушIуагъэх, гъэхъагъэхэр ашIынхэу къафэлъэIуагъэх.

МэфэкI ныбжьыкIэ зэнэкъокъур рагъэжьэным ыпэ зихэхъогъухэм ябиблиотекэу бэмышIэу зиилъэс 75-рэ ныбжь хэзыгъэунэфыкIыгъэм иIофышIэ чанхэу, библиотекэ системэм хахъо фэзышIыхэу алъытагъэхэм — директорэу ХьакIэмыз Мадинэ, илъэс 30-м ехъугъэу Iоф зышIэрэ специалист шъхьаIэу Барцо Джантыгъэ АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъхэр ыкIи нэмыкI нэбгырэ зытIу рэзэныгъэ тхыгъэхэр Евгений Саловым афигъэшъошагъэх.

Ащ ыужым джэгун-гупшысэн Iофтхьабзэр адыгэ пщынэ мэкъэ жъынчымрэ «Лъэпэрышъо» къэшъо псынкIэ кIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэу «Сэламым» къышIырэмрэкIэ аублагъ.

Командэмэ зызэкIаубытагъ, зэнэкъокъур ежьагъ. КъэIогъэн фаер **шэкIогъум и 16-м** викторинэм иапэрэ чэзыу къалэу Краснодар зэрэщыкIуагъэр, Адыгеим икомандэ зы баллкIэ ыпэ итэу ешIэныр зэраухыгъэр ары.

**ШэкIогъум и 23-м** Мыекъуапэ я II-рэ чэзыур щыкIуагъ. УпчIэ 20-мэ яджэуапхэр командитIумэ ахэтхэм чанэу къатыжьыгъэх, къыраIотыкIыгъэх. Жюри зэтегъэпсыхьагъэу Краснодар ыкIи Адыгеим тарихъымкIэ яшIэныгъэлэжьышхохэу Б. Трехбратовыр, В. Мальцевыр, М. Серовар, А. КIыргъыр зыхэтыгъэхэм ныбжьыкIэхэм аIэкIэлъ шIэныгъэхэм уасэ афишIыгъ. Зэфэхьысыжьхэм къызэраушыхьатыгъэмкIэ, тIоешIэгъум командэ пэпчъ балл 98-рэ зырыз рагъэкъугъ, зэфэдэу гупшысэн-джэгуныр аухыгъ. **Зэкъошныгъэр текIуагъ**.

Шъолъыр викторинэм хэлэжьагъэхэр ансамблэхэу **«Сэламым», «Казачатэм»** къатыгъэ концерт цIыкIум ягуапэу еплъыгъэх, АР-м и Лъэпкъ музей щыIагъэх, джащ фэдэу Адыгеим ичIыпIэ дахэхэми защарагъэплъыхьагъ.

Шъолъыр тарихъ Iофтхьабзэр дахэу, IупкIэу зэрищагъ ХьакIэмыз Замирэ.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

*Сурэтхэр Iэшъынэ Аслъан мэфэкIым къыщытырихыгъэх.*






# «Адыгэу зызылъытэжьырэр «АДЫГЭ МАКЪЭМ» ерэдж»

ЕджапIэхэм ачIэс кIэлэеджакIохэм зэрагъэшIэрэ предметхэм ахэтых адыгабзэри, адыгэ литературэри. Арышъ, ныдэлъфыбзэкIэ тхэшъунхэу, еджэшъунхэу амалхэр ащагъотых. Адэ, еджапIэр къызаухкIэ, адыгабзэкIэ тхэныр, еджэныр джащ щаухыгъэу мэхъуа? Къоджэ унэгъо кIоцIхэм ныдэлъфыбзэмкIэ зэращыгущыIэхэрэр тэшIэ, ау угущыIэн къодыемрэ утхэщт-уеджэщтымрэ зэфэдэхэп. ЕджапIэхэмрэ тхылъхэмрэ анэмыкIэу, сыда тызэзыпхэу, тызыгъэгъуазэу, адыгэхэмкIэ тызымыгъэгъуащэу непэ тиIэр? АдыгабзэкIэ къыдэкIырэ гъэзетэу **«Адыгэ макъэр»** ары.

Гъэзетым къыхиутыхэрэр еджэхэрэм агу рихьырэ-римыхьырэр зэдгъашIэ тшIоигъоу ащыщхэр гущыIэгъу тшIыгъэх.

**ЕМТIЫЛЪ Анзор, Щынджые щыщ, кIэлэеджакIу:**

— «Адыгэ макъэр» тиунагъокIэ къытфакIощтыгъ, джыри къитэтхыкIы, ау письмэзехьэр, илэжьапкIэ зэрэмакIэм къыхэкIэу, IукIыжьыгъэшъ, къытфахьыжьрэп. ЕджапIэм сыкъикIыжьы зыхъукIэ почтэм сыIохьэшъ, гъэзетыр къыIысэхыжьы. Мафэ къэс чIэмыхьэшъухэрэм яехэр зэIукIагъэхэу, IапIэу зэтелъэу чIэлъых. Сэ спортыр сикIасэшъ, ащ ехьылIагъэу къихьэхэрэм салъэплъэ, сурэт гъэшIэгъонэу ислъагъохэрэм ягъусэ тхыгъэхэр мыкIыхьэ дэдэхэ зыхъукIэ сяджэ, адрэ тхыгъэхэми сахэплъэ, ау зы темэ е зы нэбгырэ фэгъэхьыгъэ тхыгъэ кIыхьэшхор ыкIэм нэзгъэсыныр сищэIагъэ къыхьырэп. «Адыгэ макъэм» тIэкIурэ сызеджэгъэ нэуж зыгорэм сыдэгущыIэу зезгъэажьэкIэ, урыс гущыIэу къыхэзгъафэрэр нахь макIэ зэрэхъурэм гу лъысэтэ. Гъэзетым бзэр псыхьагъэ ешIы. ЗэхэсымышIыкIырэ гущыIэхэр сызэджагъэм къызыхафэхэкIэ къыхэсэтхыкIых, къарыкIырэмкIэ ситэтэжъ е сикIэлэегъаджэ сяупчIы. Адыгэу зызылъытэжьырэмэ «Адыгэ макъэр» къаIэкIэхьан, еджэнхэ фае.

**ГЪУКIЭ Замудин, Мыекъуапэ щэпсэу, Урысыем исурэтышIхэм я Союз хэт, нарт пщыналъэхэр къэзыIорэ орэдыIо купэу «Жъыум» ихудожественнэ пащ:**

— Гъэзетхэр зыщащэрэ чIыпIэм узыIухьэкIэ, зэфэшъхьафэу, нэкIэ узыIэпащэу телъыр бэ, сурэт гъэшIэгъонхэр арытхэу, тхыгъэхэм шъхьэ лъэшхэр яIэхэу. Ау ахэм нахьыбэрэмкIэ арытхагъэр орэдыIохэм, бизнесменхэм, цIыф цIэрыIохэм яхьылIагъэхэу, зэтыраIотыкIыжьызэ, зэIэпахыжьызэ къырахьакIырэ къэбарых. Охътэ лые уиIэмэ, ар бгъакIоу уямыджэщтмэ, нэмыкIыкIэ ащ фэдизэу къыпшъхьапэхэрэп. А гъэзетыбэм тэтыеу, тызэрэгущыIэрэ бзэмкIэ, адыгабзэкIэ къыдэкIэу тиIэр ыкIи ахэтыр **«Адыгэ макъэр»** ары. Тилъэпкъ гъэзет уезыгъэгупшысэнэу, шIэныгъэ хэпхынэу къихьэрэр макIэп. Адыгэ лъэпкъым къыкIугъэ гъогум ехьылIагъэу шIэныгъэлэжьхэм къатхыхэрэр, тилъэпкъэгъухэу IэкIыб къэралыгъохэм ащыпсэухэрэм афэгъэхьыгъэхэр гъэшIэгъоных. Лъэпкъым фэлэжьэрэ цIыфхэм ясурэтхэр, гъэхъагъэу ашIыгъэхэр къехьэх, ахэр уищыкIагъэхэмэ, архивым фэдэу уугъоинхэ плъэкIыщт, тхыгъэр къэнэжьы, узыщыфаем къэпштэжьышъущт. Шъхьадж зыпылъ Iофым ехьылIагъэу къихьэхэрэм салъэплъэ, сэ лъэпкъ культурэм идэлэжьэн сыпылъышъ, ащ фэгъэхьыгъэу къыхаутыхэрэм салъэхъу, нахь лъэшэу мы темэм анаIэ тырадзагъэмэ дэгъугъэ. ЗэкIэри лъапIэ зэрэхъугъэмкIэ корреспондентхэм бэу къакIухьаныр къызэрафэкъиныр къызгурэIо, ау Адыгеим ирайонхэм нахьыбаIорэ анэсышъухэу, ащыхъурэ-ащышIэхэрэм тащагъэгъозэшъумэ тигуапэ хъущт.

Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Адыгеим зэхэт номерэу къыдагъэкIырэм лъэшэу сежэ. Зэхэт номерхэм тиреспубликэхэр нахь зэпэблагъэ ашIых. **«Адыгэ макъэр»** лъэпкъым ынап, уадыгэмэ ар къиптхыкIын, уеджэн фае.

***ХЬАРЭХЪУ Мурат.***

КРИТИКЭМРЭ БИБЛИОГРАФИЕМРЭ

# Лъэпкъым ынапэр — дэхагъ

ГЪЭХЪАГЪЭ горэ ришIын ылъэкIынэу цIыфым сэнаущыгъэ Тхьэм къыритыгъэу хэлъэу щытмэ, а сэнаущыгъэм, бэрэ зэрэхъу хабзэу, зы лъэгъопIэ закъоп фэхъурэр — зы лъапсэм къикIэу, ау комэ зэфэшъхьафэу зэхэкIэу а сэнаущыгъэм зыкъегъэлъагъо. ТэшIэ: Пушкиныр тхэкIошхуагъ (уси, прози, драматургиери, критикэри изфэдэхэу), ауми ащ сурэтэу ышIыгъэр макIэп — итхыгъэхэм а зы нэкIубгъо дэдэм адытедзагъэхэу, гущыIэкIэ итхырэр сурэтыпкIэымкIэ къыгъэлъагъорэм фэдэу, къыгъэбаеу. Лермонтовыри джащ фэдагъ. ШъошIэх Леонардо да Винчи, Микеланжело, Рафаэль, сурэтышIэшхомэ сэнаущыгъэ инхэр щаушыхьатыгъэх нэмыкI художественнэ лэжьыгъэхэми.

Тэ тиадыгэ тхакIохэр пштэхэми, ежь итхылъхэри нэмыкI автормэ яехэри сурэткIэ зыгъэкIэракIи ахэфэгъотэщт. Къуекъо Налбый итхыгъэхэри шъугу къэкIыжьхэмэ, ежь ышIыгъэ сурэтхэр ахэми адэтых. Ахэр сыгу къэзыгъэкIыжьыгъэр Гъыщ Нухьэ ироман («Гум итыркъохэр») сапэ къифагъэти ары: гъэхъэгъэ дэхэкIаехэр бзэшIэныгъэм къыщигъэлъэгъуагъ, зэлъашIэрэ шIэныгъэлэжь, ыныбжьи хэкIотэгъэ хьазыр. Усэхэр итхыгъэхэу сэшIэ, сынаIэ тесыдзэнэу хъугъэп, сяплъи сыблэкIыгъагъ. Ау «роман» зеIом, нахь сыкъызэтыриIэжагъ.

Литературэм фэщагъэ фэдэу, е гъэзет-радио IофышIэу роман, усэ ымытхэу бащэ щыIэп, усэ зытхырэр бэдэд, поэзием ащ къикIэу хахьорэ щыIэу сеплъырэп. Ахэр нахьыбэрэм ныбжьыкIэх, агу къежъукIы, ашъхьэ щызэбэнэрэр бэ — усэ, е роман, е орэд горэ атхынэу агу къэкIми, ныбжьыкIэгъур къызэрэIасэу ахэм ятхэни (нахьыбэмэ) аухы. Мыдрэм ышъхьац фыжьы хъугъэу игъашIэ илъэс пшIиблым къехъугъ — мэтIысышъ, роман етхы.

Арэу щытми, ныбжьыр зэрэхэкIотагъэу, ылъэгъугъэр, гу зыльитагъэр, уасэ зыфишIыгъэр зэрэбэм къарыкIыгъэн фае роман итхынэу езыгъэнэцIыгъэр. «ЦIыфы пэпчъ тхылъ мытхыгъ», — ыIогъагъ зэгорэм М. Горькэм. Гъыщ Нухьэ ытхырэр ежь къырыкIуагъэу щытэп, ытхыгъэм ежь шыхьат зыфэхъуни, пэкIэкIыгъэ гори хэмылъыхэу пIоныр тэрэзэп (ащ фэдэ хъурэпышъ ары), ауми адыгэ лъэпкъым лIэшIэгъуныкъом (я 20-рэ илъэсхэм къыщегъэжьагъэу 70-мэ анэсыжьэу блэкIыгъэ лIэшIэгъур тапашъхьэ ит) къырыкIуагъэр гупшысэ лъапсэу еубыты. МакIэп, етIани уахътэмкIэ мымакIэр арэп, лъэхъанэу ыштэрэр лъэхъэнэ хьылъэу, лъэхъэнэ зэхэфыгъуаеу, гурыIогъуаеу, къэгъэлъэгъогъуаеу щыт. Хъугъэгъэшlэгъагъэмэ уасэ зэрафэпшIын екIолIакIэхэр къыхэхыгъошIухэу щытхэп: революциекIэ тызэджагъэр текIыгъэ къодый (ащ имэхъэджэ макъи романым къыхэIукIы), етIанэ колхоз зэхэщэныр, ащ къынэуж заор, ащ адыгэхэр зэрэхэлэжьагъэхэр, зэоуж илъэс гъэблэ зэикIхэр, колхозым шъхьиIэтыжьыгъэ фэдэу илъэсхэр къызэрэкIуагъэхэр, Хрущевым, Брежневым ятетыгъохэр, нэмыкIхэр, нэмыкIхэр.

Нафэу къызэрэчIэкIрэмкIэ, а охътэ зэфэшъхьаф-зэпычыгъэхэм яхабзэхэр, яшэн-хэхыгъэхэр куоу ыкIи зэхэфыгъэхэу къыгъэлъэгъонхэр Iэубытыпlэу хихырэп (арэущтэу авторым ышIмэ, гъунэнчъэу романым зиушъомбгъун щынагъор къэуцу, а лъэныкъор къыхэпхыными IэпэIэсэныгъэ гъэнэфагъэхэр ищыкIагъэх), хэкIыпIэу ыштэрэр лъэхъанэ пэпчъ зыфэдагъэр романым хэщагъэ хъугъэ цIыфхэм ящыIэныгъэ лъэгъо рекIокIхэр кIигъэтхыхэзэ, къыгъэлъэгъонхэр ары. Зы абдзэхэ къуадж (анахьэу) къызытегущыIэрэр — Абдзэхэхьабл еIо — ащ нэмыкIэу адыгэ-ермэл къуаджэри къэбарым хэгъэщагъэ фэдэу тэлъэгъу: ащи мэхьанэ горэ имыIэу щытэп, мары адыгэмэ ящыIэкIэ-хабзэхэр, ахэр зэрэхъарзынэхэм фэшI, нэмыкI лъэпкъыми ахэ яекIэ аштагъэх (щэрджэс-гайхэм-ермэлхэу тишъолъыр исыгъэхэм, ащыщхэр джыри щыIэх, адыгэхэкIэ залъытэжьэу яхэбзагъ, адыгабзэри ашIэу, адыгэ хабзэри алэжьэу).

КIэкIэу къэпIон хъумэ, Гъыщ Нухьэ ытхыгъэр зэхьылIагъэр лъэхъэнэ гъэшIэгъон, тищыIэныгъэкIэ (титарихъкIэ) анахь къин зыщытлъэгъугъэ лъэхъанхэм ащыщ (Истамбыл икIыжьыр хэпхымэ), арышъ, ытхыгъэм мэхьанэ гъэнэфагъэ зэрэзыдиIыгъыр нэрылъэгъу. Адыгэ лъэпкъыр зыфэдэр мары — джар кIэух гупшысэу ылэжьыгъ Нухьэ.

А гупшысэр гупшысэшху шъхьаем, лъэныкъо-лъэныкъоу, гупшысэ зэфэшъхьафхэу зэхэлъын фае — романым хэт цIыфхэм, сюжетым хэщэгъэ геройхэм ящыIакIэкIэ, ядунэеплъыкIэкIэ, зыхэт уахътэм уасэ зэрэфашIырэ лъэныкъомкIэ ахэр зы гупшысэу зэхэщэгъэнхэ фае. Нэфэшъхьафэу уахътэм «ынапэ» къызэрэзэIупхын амал щыIэп, ар щыбгъэзыемэ, о уавтормэ ор-орэу уикъэбар хэщэгъэ цIыфхэм ачIыпIэкIэ къэпIотэн фаеу мэхъу — прозэм къэпIотэныр икIасэп, ащ илъэкIхэр зыщиуплъэкIухэрэр къэгъэлъэгъон Iофыр ары. Нухьэ ар ымышIэу пIон плъэкIынэп, ау щыIэныгъэр лъэныкъуабэу зэрэзэхэтыр къыдгурыгъаIо шIоигъоу, игъэкIотыгъэу еубытышъ, къэгъэлъэгъон лъэныкъом ычIыпIэкIэ къэIотэн лъэныкъор къызыщытекIохэрэр къыхэкIы. ЦIыф шэнхэм якъэтынкIэ ащ ишIуагъэ къэкIонэу щытэп.

Ауми, цIыфыбэ хэщагъ романым: зырызхэр, унагъохэр, лIакъохэр, чылагъохэр, жъыхэр, кIэхэр, хъульфыгъэхэр, бзылъфыгъэхэр, сабыйхэр, цIыф дэгъу дэдэхэр, мыдэгъу-мыдэйхэр, цIыф мэхъаджэхэр (ахэр мэкIэ дэдэх, адыгэмэ цIыф дэй ахэтына, ыIорэм фэд). Ар ошIэдэмышIэу арэущтэу авторым ышIыгъэу щытэп е ымышIахэу IэкIэшIыкIыгъ пIонри нахьыежь. Зы цIыфым елъытыгъэмэ: гущыIэм фэшI, романым анахь шъхьаI зыфэпIонэу хэтыр Дэхан. Зэу, дахэ, лъэныкъо пстэумкIи — игущыIакIи, ишэни, ихабзи, цIыфмэ шIулъэгъушхо афыриI, Iуш, губзыгъ, ау гущыIэ лые къыIорэп, къыгъэшIагъэм цIыф ыгу хигъэкIыгъэп, зэпшъашъи, унагъо зехьи, хьазабхэр пэкIэкIхи шъузабэу къызэни, мы бзылъфыгъэм мыхъун шIыкIэ-зекIуакIэ къыхэфагъэп, гунахь зыхэлъын Iоф ышIагъэп — зыгорэ епIолIэн плъэкIынэу, узымыгъэрэзэн ишэни, ихабзи ахэлъэп. «Тхьэм ащ фэдэ шъхьэгъусэ, ащ фэдэ нысэ къыует» адыгэмэ зыфаIорэм фэд.

Дэханэ шъхьэгъусэгъу зыфэхъугъэ кIалэр (Тембот) гъашIэм зэ къыхафэрэмэ афэд: кIэлэ хъупхъ, гъэсэныгъэшхо имыIэми, акъыли гулъыти алъыхъужьынэу щытэп, шъхьэубат, тэрэззэу пIугъэп пIонэу IэубытыпIэ щыIэп — зы адыгэ кIэлэжъ зыфаIорэр Тембот фэдэр ары. ШъхьэкIэфагъэу ятэрэ янэрэ афыриIэм къыщыкIэрэп иныбджэгъухэм, игъунэгъухэм, нэмыкIхэм афыриIэр. Аужыпкъэм, ичэтхэр зытыгъурэ гъунэгъур къызеубытым, «чэтэу пштагъэхэр ублыгу чIэгъэтIысхьэхи, кIожь, ау ащ нахьэу утыгъонэу зыми уемыкIу, губгъэн, ухъульфыгъэу, чэт къэптыгъоу», —риIуагъэх. НэмыкI тыгъуакIо — картоф ныбжьыкIэр чIихзэ къыубыти — дахэу дэгущыIэу щытзэ, адрэр къеуи Тембот къыукIыгъ.

Тембот иныбджэгъухэр, иIахьылхэр къэзыукIыгъэм лъыхъугъэхэп, лъышIэжь пэгъуахыгъэп, хъугъэр хъугъахэ аIуи, Тембот ятэ-янэхэр адыгэ хабзэм, адыгэ пшъэдэкIыжьым къызэриубыткIэ загъэIэсэжьи, фагъэгъугъ.

Тембот янэ-ятэхэри джащ фэдэх: лэжьакIох, тхьамыкI къараIонэу фаехэп — хьакIэу непэ ящагу къыдэхьэгъэ пчъагъэм къикIэу чыцIэу фаукIын фаер фаукIы. Айтэчи Iунати щыIэныгъэм еплъыкIэу фыряIэр зэфэдэ, зым къыIорэр адрэмкIэ къабыл, зым зыр пэгущыIэжьырэп, ащ къикIырэп бзылъфыгъэр гущыIэнчъэу, Iофэу зытегущыIэхэрэм елъытыгъэу еплъыкIэнчъэу, ежь иеу гущыIэ имыIэу. Ари узэхьопсэн цIыф, унэгъо зэфыщытыкIэу щыт, хэпхыни хэплъхьани щымыIэу.

Джащ фэд Дэханэ (Айтэч иныс ары) къызэхэкIыгъэхэри: «А къащэгъэ цIыкIур, — еIо Айтэч, — къызыхэкIыгъэри унэгъо шIагъу, КIэлэшIукъо Чэлэмэт егъашIэм лэжьакIозэ къехьы, игугъу IаекIэ ашIэу цIыф зэхихыгъэп, джы непэ сэ благъэ ар къысфэхъугъ, ари дэгъу, хьярышху».

Джары Айтэч ицIыф осэ шIыкIэ, нэкIубгъуабэ хъурэ романым (нахьыбэрэ къыхафэрэмэ ащыщ) зы гущыIэ гомыIу, гущыIэ мыхъун ыжэ къыдэкIыгъэу уIукIэрэп.

Ар Айтэч изакъоп. Ишъхьэгъуси ар игущыIакI, къылъфыгъэ ыпхъухэми ыкъохэми гущыIэ дыдж ажэ къыдэкIрэп, агу мыхъун горэ къихьэрэп. Ныбджэгъухэу Айтэч гъашIэр зыдигъэшIагъэхэми ар къахафэрэп. НыбжьыкIэхэри, гъашIэ горэ зиIэ хъулъфыгъи, бзылъфыгъи адыгэ хэбзэ хъарзынэм фэмылажьэрэ ахэтэп.

Ащыгъум сыда Гъыщ Нухьэ итхыгъэ романым хабзэу, тхыгъэшэнэу хэлъыр? Ар зэкъаIокIэ къэпIонэу щытэп. Авторым адыгэр зыфэдэр, зыфэдагъэр тапашъхьэ къырелъхьэ: шъуеплъ тапэ итыгъэхэр зыфэдагъэхэм, шъуеплъ непэ щыIакIэу, зэхэтыкIэу тиIэ хъугъэм.

Арышъ, Гъыщ Нухьэ гупшысэу романым щыпхырищырэр мыщ фэд: адыгэмэ анапэ мыщ фэдагъ, адыгэхэр цIыф зэхэтыкIэ шэн дахэхэр зылэжьыгъэ лъэпкъышхоу щыт. Ащ къикIэу адыгэмэ алэжьыгъэу щыIэр зэхэугуфыкIыпагъэу къетхы: сабый къэхъугъэмэ, зэрэдэзекIохэрэр, псэлъыхъо кIогъэ кIалэхэр зэрэгущыIэхэрэр, пшъашъэм изекIуакIэ зыфэдэн фаер, къащэн хъумэ, пшъашъэм икъыщыкI, къащэн хъумэ, къызыфащэхэрэр зэрэпсэухэрэр, нысащэр зэрэрекIокIрэ шIыкIэр, благъэ хъугъэхэр, ныбджэгъухэр къызэрэкIорэ шIыкIэр — а лъэныкъомкIэ адыгэ культурэр лъэгэпIэ инхэм зэратетыгъэр Нухьэ ироман щытэлъэгъу.

Авторыр зыгъэгумэкIрэр адыгэ шэн, зэхэтыкI, адыгэ культурэр зыфэдагъэр, адыгэ щыIэныгъэм хабзэу хэлъыгъэхэр ары. ГущыIэм пае, сэ къэслъэгъужьыгъэм игугъу къэсшIын сыгу хэлъ: тянэ чэт горэ ыукIыгъэу, а чэтым щыщ анахь пкъыгъо дэгъухэр тигъунэгъу нэнэIужьхэм афаримыгъэхьэу тышхэн амал тиIагъэп. Джащ фэдэ лъэныкъохэр ары Гъыщ Нухьэ зыгъэгумэкIэрэр.

КIэух гущыIэр: къэпIон хъумэ Iофыр зытетыр, Гъыщ Нухьэ адыгэм илъэпкъыгъо-этническэ картинэ ин ытхырэр. Ащ къыпкъырэкIы цIыф шэнхэр ятIонэрэ теуцогъум итхэу зэратегущыIэрэр. Адыгэ лъэпкъыр зышIэ шIоигъо щыIэмэ, Нухьэ ироман ар ригъотэн фэдэу сеплъы.

Гъыщ Нухьэ илъэпкъ дахэу хэлъыр къыIотэнэу ыгу хэлъыгъэти, ар къыдэхъугъ. Адыгэ лъэпкъыр зыфэдэр, ыштэрэр, ымыштэрэр, ылэжьынэу зыфэягъэу ылэжьыгъэр дахэу зэкIэ къеты. Романа тапашъхьэ илъыр? — ащ иджэуап мэхьанэшхо иIэп. Ау адыгэ лъэпкъым ылэжьыгъэр Гъыщ Нухьэ ешIэ, зэрилъэкIэрэм тетэу къегъэлъагъо.

ЦIыфэу хэтхэм языэ: цIыф шэн къыгъэлъэгъоным авторым пылъэп, зыпылъыр адыгэ шэныр зэхэубытагъэу къыгъэлъэгъоныр ары. Тембот итеплъэ къыгъэлъэгъоным фэшI нэкIубгъуих фэдиз етхы, усурэтышIмэ, сурэт пшIын фэдэу. Ауми, Тембот итеплъэ плъэгъун плъэкIырэп: адыгэ кIалэр зыфэдэр пкъыгъо-пкъыгъоу тигъэлъэгъунэу фэягъ, ар къыдэхъугъэ фэд, ауми, пIопэн хъумэ, Тембот инапэ нэкIубгъуитIу хъурэмэ ахэбгъотэжьырэп.

Арышъ, Гъыщ Нухьэ ироман адыгэ шэн-зэхэтыкIэу зы нэбгырэм ехьылIагъэм къыпкъырыкIырэп, ар адыгэ напэм илъэгъуапIэу мэхъу.

*ЩЭШIЭ Казбек.*

**Филологие шIэныгъэхэмкIэ доктор.**

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 11-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 11-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгум епхыгъэ зэфыщытыкIэхэр гъэтэрэзыгъэнхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2007, N 6; N 12; 2008, N 12; 2009, N 2; 2010, N 3, N 8) зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, гущыIэу «гектари 5» зыфиIорэм ычIыпIэкIэ гущыIэу «гектари 2,5-рэ» зыфиIорэр тхыгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 40

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Гъэсэныгъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Гъэсэныгъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Гъэсэныгъэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2000, N 1; 2001, N 2, N 11; 2003, N 5; 2005, N 11; 2007, N 6; 2010, N 7; 2011, N 6) ия 4-рэ статья мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я $7^1$-рэ пунктыкIэр хэгъэхъогъэнэу:

«($7^1$) гъэсэныгъэ зыщарагъэгъотырэ учреждениехэу къэралыгъо аккредитацие зиIэхэм, гъэсэныгъэ ягъэгъотыгъэным тегъэпсыхьэгъэ программэхэр зыгъэцакIэхэрэм, гущыIэм пае, адыгабзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ зэреджэщтхэ тхылъхэм якъыдэгъэкIын зыгъэцэкIэщт организациехэм якъыхэхын хэлэжьэгъэныр;»;

2) мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я $15^1$-рэ пунктыкIэр хэгъэхъогъэнэу:

«$15^1$) зэхэубытэгъэ гъэсэныгъэ шъхьаIэ ыкIи гурыт (икъу) гъэсэныгъэ зыщызэрагъэгъотырэ лъэхъаным адыгабзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэзыгъашIэхэрэм мы предметитIумкIэ къэралыгъо (кIэух) аттестацие зэрафызэхащэщт шIыкIэр гъэунэфыгъэныр;».

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэм ыуж мэфипшI зытешIэкIэ мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 41

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имировой судьяхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имировой судьяхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имировой судьяхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009, N 10; 2011, N 3) мы къыкIэлъыкIорэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) а 1-рэ Iахьым, я 2-рэ Iахьым ия 10-рэ пункт, я 4-рэ Iахьым ия 1-рэ пункт, я 5-рэ статьям ия 5-рэ Iахь ахэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Президент» зыфиIохэрэм ачIыпIэкIэ ищыкIэгъэ падежым итхэу гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ» зыфиIохэрэр тхыгъэнхэу;

2) я 18-рэ статьям ия 2-рэ Iахь кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 42

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Къэлэ гъэпсыкIэ зиIэ псэупIэхэм ахэхьэрэ Тульскэр къоджэ псэупIэхэм ахэхьэрэ псэупIэу шIыжьыгъэным ехьылIагъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Къэлэ гъэпсыкIэ зиIэ псэупIэхэм ахэхьэрэ Тульскэр къоджэ псэупIэхэм ахэхьэрэ псэупIэу шIыжьыгъэным ехьылIагъ**

Къэлэ гъэпсыкIэ зиIэ псэупIэхэм ахэхьэрэ Тульскэр къоджэ псэупIэхэм ахэхьэрэ псэупIэу шIыжьыгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэм ыуж мэфипшI зытешIэкIэ мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 43

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Физическэ культурэмрэ спортымрэ яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Физическэ культурэмрэ спортымрэ яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имировой судьяхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2008, N 11; 2010, N 2) мы къыкIэлъыкIорэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я $1^1$-рэ пунктыкIэр я 4-рэ статьям хэгъэхъогъэнэу:

«($1^1$) физическэ культурэмрэ спортымрэ альэныкъокIэ къэралыгъо политикэм игъэцэкIэн хэлэжьэныр;»;

2) я 5-рэ статьям ия 2-рэ Iахь мыщ фэдэ къэIуакIэ зиIэ я 5-рэ пунктыкIэр хэгъэхъогъэнэу:

«(5) физическэ культурэр, спортыр ыкIи щыIэкIэ-псэукIэ тэрэзыр пропагандэ шIыгъэнхэм хэлэжьэныр.».

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 44

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм изакон заулэмэ зэхъокIыныгъэхэр афэшIыгъэнхэм ехьылIагъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм социальнэ-IофшIэн зэфыщытыкIэу илъхэр гъэтэрэзыгъэнхэмкIэ комиссиехэм яхьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм социальнэ-IофшIэн зэфыщытыкIэу илъхэр гъэтэрэзыгъэнхэмкIэ комиссиехэм яхьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2004, N 5) зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу, я 7-рэ статьям ия 8-рэ Iахь ия 7-рэ пункт ыкIи ия 1-рэ Iахь ахэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Президент» зыфиIохэрэм ачIыпIэкIэ ищыкIэгъэ падежым итхэу гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ» зыфиIохэрэр тхыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ыпашъхьэ гъэхъагъэ инэу щыряIэхэм апае мазэ къэс ахъщэ тедзэ аIэкIэгъэхьэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм ыпашъхьэ гъэхъагъэ инэу щыряIэхэм апае мазэ къэс ахъщэ тедзэ аIэкIэгъэхьэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009, N 7) зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу, я 4-рэ статьям ия 1-рэ ыкIи ия 6-рэ Iахьхэм ахэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Президент» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу.

**Я 3-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Iоф зэрашIэгъэ илъэс пчъагъэм елъытыгъэу пенсие афэгъэуцугъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Iоф зэрашIэгъэ илъэс пчъагъэм елъытыгъэу пенсие афэгъэуцугъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2010, N 8) зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу, я 6-рэ статьям ия 2-рэ ыкIи ия 3-рэ Iахьхэм, джащ фэдэу я 7-рэ статьям ия 3-рэ Iахь ахэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Президент» зыфиIохэрэм ачIыпIэкIэ гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ» зыфиIохэрэр тхыгъэнхэу.

**Я 4-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 48

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутат истатус ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 26-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутат истатус ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутат истатус ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2007, N 7; 2008, N 4; 2009, N 12; 2011, N 6) мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) а 1-рэ статьям я 3-рэ IахьыкIэр хэгъэхъожьыгъэнэу ыкIи ар мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«3. Депутат полномочиехэр ыгъэцакIэхэ зыхъукIэ депутатым фитыныгъэ иI иеплъыкIэхэр, ишIошIхэр шъхьафитэу къыриIотыкIынхэу.»;

2) я 4-рэ статьям хэт гущыIэу «законым» зыфиIорэр гущыIэу «законодательствэм» зыфиIорэмкIэ зэблэхъугъэнэу;

3) я 5-рэ статьям иа 1-рэ Iахь ия 8-рэ пункт гущыIэхэу «мы Законым ия $9^1$-рэ статья ия 5 — 7-рэ Iахьхэм адиштэу» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу:

4) я 6-рэ статьям ия 4-рэ Iахь кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

5) я 7-рэ статьям:

а) ия 2-рэ Iахь гущыIэхэу «депутатым итхыгъэ тетэу» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

б) я 3-рэ Iахьым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

6) я 8-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь хэт гущыIэхэу «къэралыгъо хабзэм иорганхэр» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

б) я 2-рэ Iахьым хэт гущыIэу «хъарджхэр» зыфиIорэм ыуж гущыIэхэу «мы статьям иа 1-рэ Iахь зигугъу къышIыхэрэр» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

7) я 2-рэ шъхьэм ыцIэ мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я 2-рэ шъхьэр. Депутатым ифитыныгъэхэр, ипшъэрылъхэр ыкIи депутат IофшIэныр зэрагъэцэкIэрэ шIыкIэр»**

8) я 9-рэ статьям:

а) ышъхьэ хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм иактхэр» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «е Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъохэр штэгъэнхэм пае материалхэр» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

б) я 2-рэ Iахьыр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«2. Депутатхэм языханэ нахь мымакIэ зыхэхьэрэ депутат купым Адыгэ Республикэм и Конституцие зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным ехьылIэгъэ предложениехэр къыхьынхэ ылъэкIыщт.»;

в) я 3-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъохэр» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «е Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъохэр штэгъэнхэм пае материалхэр» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

г) я 4-рэ Iахьым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

д) я 5-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм ишэпхъэ правовой актхэм япроектхэр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «документхэмрэ материалхэмрэ» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

9) я $9^1$-рэ статьям кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

10) я 11-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь гущыIэу «псынкIэу» зыфиIорэр хэгъэкIыжьыгъэнэу;

б) я 4-рэ Iахьым хэт гущыIэу «щыкIагъэхэр» зыфиIорэр гущыIэу «хэукъоныгъэхэр» зыфиIорэмкIэ зэблэхъугъэнэу;

11) я 13-рэ статьям кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

12) я 14-рэ статьям кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

13) я 17-рэ статьям иа 1-рэ Iахь:

а) ия 5-рэ пункт хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «ащ» зыфиIорэр хэгъэхъожьыгъэнэу;

б) я 6-рэ пунктым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

14) я $17^1$-рэ статьяр хэгъэхъогъэнэу ыкIи ар мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я $17^1$-рэ статьяр. Депутатым ыкIи ащ иунагъо исхэм хахъоу, мылъкоу ыкIи мылъкумкIэ пшъэрылъэу яIэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр**

1. ЛэжьапкIэ къыратызэ депутат IофшIэныр Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм щызыгъэцэкIэрэ депутатым ипшъэрылъ отчет къызишIыгъэ илъэсым къыкIэлъыкIорэ илъэсым имэлылъфэгъу мазэ ия 30-рэ мафэ нахь мыгужъоу ышъхьэкIэ хахъоу, мылъкоу ыкIи мылъкумкIэ пшъэрылъэу иIагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр, джащ фэдэу иунагъо исхэм (ишъхьэгъусэ ыкIи зыныбжь имыкъугъэ икIэлэцIыкIухэм) хахъоу, мылъкоу ыкIи мылъкумкIэ пшъэрылъэу яIагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр илъэс къэс аIэкIигъэхьанэу.

2. Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу лэжьапкIэ къызыщыратырэ IэнатIэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм щызыгъэцакIэ зышIоигъом мы IэнатIэм зыхадзыкIэ хахъоу, мылъкоу ыкIи мылъкумкIэ пшъэрылъэу иIагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр, джащ фэдэу иунагъо исхэм (ишъхьэгъусэ ыкIи зыныбжь имыкъугъэ икIэлэцIыкIухэм) хахъоу, мылъкоу ыкIи мылъкумкIэ пшъэрылъэу яIагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр аIэкIигъэхьанхэ фае.

3. Мы статьям иа 1-рэ, ия 2-рэ Iахьхэм къащыдэлъытэгъэ къэбархэр зэраIэкIагъэхьащт шIыкIэр зыгъэнафэрэр Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ары.»;

15) гущыIэхэу «Я 3-рэ шъхьэр. Депутат IофшIэныр зэрэзэхащэрэ шIыкIэр» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

16) я 18-рэ статьям иа 1-рэ Iахь:

а) ия 2-рэ пункт мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«(2) Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм икомитетхэм, икомиссиехэм ыкIи инэмыкI органхэм ахэлэжьэнхэр;»;

б) я 3-рэ пунктым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

17) я 19-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь хэт гущыIэхэу «ащ игуадзэ» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «ащ игуадзэхэм ащыщыр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

б) я 4-рэ Iахьым гущыIэхэу «нэмыкI органхэмрэ IэнатIэхэр зыIыгъыхэрэмрэ» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

в) я 5-рэ Iахьым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

18) я 20-рэ статьям ия 2-рэ Iахь кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

19) я 22-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь хэт гущыIэхэу «къэралыгъо хабзэм инэмыкI органхэм япащэхэм» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «нэмыкI къэралыгъо органхэм япащэхэм» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

б) я 2-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Регламент тетэу» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иунашъохэр штэгъэнхэм пае ищыкIэгъэ материалхэм ахэплъэнхэмкIэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Регламент къызэрэщыдэлъытэгъэ шIыкIэм тетэу» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

20) я 23-рэ статьям ышъхьэ хэт гущыIэхэу «Мыщ фэдэ Iофхэм ягъэцэкIэн депутатыр хэлажьэ» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «Депутатым егъэцакIэ» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

21) я 24-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь хэт гущыIэхэу «нэмыкI органхэм» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «нэмыкI къэралыгъо органхэм» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

б) я 2-рэ Iахьым гущыIэхэу «ыкIи депутатым иполномочие хахьэхэрэр» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

в) я 4-рэ Iахьым гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм, чIыпIэ зыгъэIорышIэжьынымкIэ органхэм е IэнатIэхэр зыIыгъхэм, джащ фэдэу организациехэм» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

г) я 5-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «чIыпIэ зыгъэIорышIэжьынымкIэ органыр» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «нэмыкI къэралыгъо органыр» зыфиIохэрэр хэгъэхъожьыгъэнхэу;

д) я 6-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «я 4-рэ Iахьым» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «а 1-рэ Iахьым» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

22) я 25-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь хэт гущыIэхэу «къэралыгъо хабзэм иорганхэр» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

б) я 4-рэ Iахьым хэт гущыIэу «зызэрафагъэзагъэр» зыфиIорэр гущыIэхэу «предложениехэмрэ тхьаусыхэхэмрэ» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу;

в) я 5-рэ Iахьым ия 2-рэ гущыIэухыгъэ ыуж гущыIэхэу «ащ идепутат IофшIэн епхыгъэ IофыгъохэмкIэ» зыфиIохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

23) я 26-рэ статьям кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

24) я 31-рэ статьям иа 1-рэ Iахь мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«1. Депутат IофшIэным игъэцэкIэн епхыгъэ хъарджхэм апае депутатым мазэ къэс Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкIырэ сомэ 1800-р къыIокIэ. Зигугъу къэтшIыгъэ ахъщэр депутат полномочиехэр зигъэцэкIэгъэ мэзэ икъу пэпчъкIэ къыраты.»;

25) я 35-рэ статьям хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм игъэцэкIэкIо хабзэ иорганхэр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэр, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо органхэр, нэмыкI органхэр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

26) я 38-рэ статьям:

а) иа 1-рэ Iахь иапэрэ абзац хэт гущыIэхэу «ащ игуадзэ» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «ащ игуадзэхэм ащыщыр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу;

б) я 2-рэ, я 4-рэ Iахьхэм кIуачIэ ямыIэжьэу лъытэгъэнэу;

27) я 7-рэ шъхьэм кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

28) я 44-рэ статьям кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ нэуж мэфипшI зытешIэкIэ мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу**
**ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 39

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим икъэухъумэн епхыгъэ зэфыщытыкIэхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэр гъэцэкIэгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым шэкIогъум и 16-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим икъэухъумэн епхыгъэ зэфыщытыкIэхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэр гъэцэкIэгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 4-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим икъэухъумэн епхыгъэ зэфыщытыкIэхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иорганхэм яполномочиехэр гъэцэкIэгъэнхэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009, N 6) ия 4-рэ статья мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я 6-рэ пунктыр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«(6) хъызмэт IофшIэныр е нэмыкI IофшIэныр агъэцакIэ зыхъукIэ экологием изытет фэгъэхьыгъэ къэралыгъо уплъэкIунхэр республикэм щызэхэщэгъэнхэр, ау мыщ къыхиубытэрэп федеральнэ къэралыгъо экологие уплъэкIун ашIын фэе объектхэр зэрагъэфедэрэм епхыгъэ IофшIэныр;»;

2) я 7-рэ пунктым хэт гущыIэхэу «экологием изытеткIэ гъунэ алъыфыгъэныр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «экологием изытеткIэ республикэм къэралыгъо уплъэкIунхэр зэрэщызэхащэхэрэр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу;

3) я 12-рэ пунктым хэт гущыIэхэу «Адыгэ Республикэр ары экологием изытеткIэ къэралыгъо уплъэкIунхэр зэхэзыщэрэр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «ахэр ары республикэ къэралыгъо экологие уплъэкIунхэм къахарагъэубытэхэрэр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу**
**ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 2, 2011-рэ илъэс
N 55

**Зэхэзыщагъэхэр:**
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**

**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакцием зыдэщыIэр:**
385000,
къ. Мыекъуапэ,
ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:**
**adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр
**ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000,
къ. Мыекъуапэ,
ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр**
**4383**
**Индексхэр**
**52161**
**52162**
**Зак. 2842**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр
Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр
Сыхьатыр 18.00

IЭКIЫБЫМ ЩЫПСЭУРЭ НЫБЖЬЫКIЭХЭМРЭ СЭНЭХЬАТХЭМРЭ

# Тилъэпкъэгъухэр Тыркуем, нэмыкIхэм къарыкIыщтых



Блэгъожъ Хьазрэтрэ ПашIо Фатимэрэ гущыIэгъу зэфэхъугъэх.

**IэкIыб хэгъэгумэ ащыпсэурэ тилъэпкъэгъу ныбжьыкIэхэр Адыгэ Республикэм ит апшъэрэ еджапIэхэм аштэнхэм, ашIоигъо сэнэхьатым зыфагъэсэным сыда ищыкIагъэр? БэшIагъэу тызытегущыIэщтыгъэ Iофыгъор зэрэлъыкIуатэрэм зыщыдгъэгъуазэ тшIоигъоу Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым иректорэу, техникэ шIэныгъэхэмкIэ докторэу, профессорэу Блэгъожъ Хьазрэт тыIукIагъ.**



Тыркуем къикIыгъэ ныбжьыкIэхэмрэ кIэлэегъаджэхэмрэ.

— Едгъэжьэгъэ Iофым тиреспубликэ иIэшъхьэтетхэр, шIэныгъэлэжьхэр, Адыгэ Хасэр кIэщакIо фэхъугъэх. Лъапсэр непэ тэгъэпытэ, — къеIуатэ Блэгъожъ Хьазрэт. — Пэублэ курсыр университетым щакIунэу фежьагъэх. Ясэнэхьат хэшIыкI ин фызиIэ кIэлэегъаджэхэр адэлажьэх. Апэрэ уахътэм урысыбзэмрэ адыгабзэмрэ зэрагъэшIэщтых, тыркубзэр зэкIэми ашIэ.

***— Ежъугъаджэхэрэр Тыркуем къикIыгъэха?***

— Ары. КъэкIощт уахътэм Сирием, Иорданием, Израиль, Тыркуем, нэмыкI хэгъэгухэу тилъэпкъэгъухэр нахьыбэу зыщыпсэурэмэ ныбжьыкIэхэр къарыкIынхэу тэгугъэ.

***— Нэбгырэ 20 шъуштэнэу гухэлъ шъуиIагъ. Тхьапша ежъугъаджэрэр?***

— Апэрэ илъэсым нэбгыри 10 тштагъэр. Ар къызыхэкIыгъэм бэрэ утегущыIэн плъэкIыщт. ЕджапIэм къакIохэрэр общежитием идгъэтIысхьанхэ фае. Джырэ уахътэ ныбжьыкIэ 20 е ащ нахьыбэ IэкIыб хэгъэгу къитщыным тыфэхьазырэп.

***— Общежитиеу шъуищыкIагъэхэр нахьыбэ хъунхэу гугъапIэ щыIа?***

— ГъэцэкIэжьын Iофхэр зыгорэхэм ащедгъэжьагъэх. УапэкIэ уплъэ зыхъукIэ, къыдэплъытэн фаер бэ. Мыгъэ тштагъэхэр илъэси 5 общежитием чIэсыщтых. КъэкIощт илъэсым тштэщтхэми общежитием псэупIэ къащыфэдгъотыщт.

***— 2012-рэ илъэсым университетым тхьапша шъуштэщтыр?***

— Нэбгырэ 20-м къыщыкIэщтэп. Студентэу тштэхэрэм яфэIофашIэхэр дэгъоу дгъэцэкIэнхэм тыпылъыщт. Общежитием ехьылIэгъэ Iофыгъохэр къэзыгъэхьылъэхэрэм ащыщ Краснодар краим, нэмыкI шъолъырхэм къарыкIыгъэу тиеджапIэ нэбгырабэ зэрэщеджэрэр. ЗэкIэми общежитием чIыпIэ щагъоты ашIоигъу.

***— Хьазрэт, егъэджэн Iофыгъохэр, сэнэхьатэу къыхахыщтхэр, нэмыкIхэри уинэплъэгъу итыхэба?***

— Iоф адэзышIэщт кIэлэегъаджэхэр дгъэнэфагъэх. ШIэныгъэу зэрагъэгъотырэр щыIэныгъэм щагъэфедэн зэралъэкIыщтым Iоф дэтшIэщт. ПашIо Фатимэ дунэе гъэсэныгъэмкIэ факультетым идекан. Зэхэщэн пшъэрылъэу фэтшIыгъэхэр дэгъоу егъэцакIэх.

## Бзэр зэрагъашIэ

Блэгъожъ Хьазрэтрэ ПашIо Фатимэрэ егъэджэн Iофыгъохэр зэрагъэпсыхэрэр къытфаIотагъ, етIанэ IэкIыбым къикIыгъэ ныбжьыкIэхэм нэIуасэ тафэхъугъ. Тыркуем ипсэупIэхэу Бигэ, Аданэ, Болу, Сакарие, нэмыкIхэм къарыкIыгъэ ныбжьыкIэхэр кафедрэм ипащэу Аулъэ Фатимэ ригъаджэхэзэ, еджакIомэ таIукIагъ.

Мэшэлахь. КIэлэ ищыгъэх, нэгушIох. Урысыбзэр зэрагъашIэ. УпчIэхэм джэуапхэр урысыбзэкIи, адыгабзэкIи къаратыжьых. ЕтIэфыр зы кIалэм къышти, урысыбзэкIэ пхъэмбгъум гущыIэхэр тыритхагъэх.

— КIэлэ Iушых, сэнаущыгъэ ахэлъ. Сыдми еджэнхэу къэкIуагъэхэп. КъысэдэIух, — еIо Аулъэ Фатимэ.

— Лъэпкъ Iофыгъохэм, искусствэм, литературэм ащытэгъэгъуазэх, — лъегъэкIуатэ зэдэгущыIэгъур ПашIо Фатимэ. — «Налмэсым» иконцерт зыфагъэхьазыры, музейхэр зэрагъэлъэгъущтых. Едгъэджэрэ ныбжьыкIэхэр Адыгэ Республикэм ищыIэныгъэ хэтщэщтых. Яхэку къэкIожьыгъэхэу зэрэщеджэхэрэм гушIуагъо хагъуатэзэ псэунхэу тэгугъэ.

«ШIэныгъэр тыдэ щыIэми лъыкIу» зыфэпIощт гупшысэр зыдаIыгъэу еджэныр рагъэжьагъэшъ, ямурад къадэхъунэу Тхьэм тафелъэIу.

Адыгэ къэралыгъо университетми IэкIыб хэгъэгумэ къарыкIыгъэ тилъэпкъэгъухэр аштагъэх. Ахэр зэреджэхэрэми шъущыдгъэгъозэщт.

ФУТБОЛ. КIЫМЭФЭ ЕШIЭГЪУХЭР

# Гугъэр зыми чIинагъэп

**Мыекъуапэ футболымкIэ икIымэфэ зэIухыгъэ зэнэкъокъу командэ 57-рэ хэлажьэ. ЕшIэгъухэр республикэ стадионэу «Юностымрэ» ЦКЗ-мрэ ащэкIох. Апэрэ купым хэтхэр тхьаумафэм зэдешIагъэх. Калининград, Краснодар, Москва хэкум, Ставрополь, Ростов-на-Дону, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Шъачэ, Новороссийскэ, Адыгеим, нэмыкIхэм къарыкIыгъэ футболистхэр ешIапIэхэм ащызэнэкъокъух.**

Футболыр зикIасэхэу Парламентым идепутатхэр, министерствэхэм якъулыкъушIэхэр, еджакIохэр, лэжьэкIо къызэрыкIохэр бэ хъухэу стадионэу «Юностым» щытлъэгъугъэх.

— Адыгэкъалэ тыкъикIыгъ, — еIо Уджыхъу Байзэт. — Футболыр тшIогъэшIэгъон къодыеп, тищыIэныгъэ щыщ хъугъэ. Зысэплъыхьэшъ, Пэнэжьыкъуае, Краснодар, Улапэ, Хьакурынэхьаблэ, нэмыкIхэм къарыкIыгъэхэу футбол ешIэгъумэ яплъырэр макIэп. Адыгэкъали стадионышхо щагъэпсы. Тиреспубликэ спорт псэуалъэхэр зэрэщашIыхэрэм ишIуагъэкIэ физкультурэм пыщагъэхэр нахьыбэ мэхъух.

## ЕшIэгъухэм якIэуххэр

**«ЧIыгушъхь» — «Ошъутен» — 5:1, «Мыекъуапэ» — МГТУ—0:1, «Улап» — «Щагъдый» — 0:4, «Квант» — «Урожай» — 2:6.**

«ЧIыгушъхьэм» щешIэхэрэ Вадим Лучинымрэ Къонэ Амиррэ тIорытIо, Александр Нартиковым зэ «Ошъутенэм» икъэлапчъэ Iэгуаор дадзагъ. ЕшIэгъухэм «Мыекъуапэмрэ» МГТУ-мрэ язэIукIэгъу имэхьанэкIи къахэтэгъэщы. Опыт зиIэ футболистхэр командэхэм ащешIэх. Гъонэжьыкъо Азэмат гупчэм къыщиубли, нэбгыритIу къызэринэкIыгъ. Къэлапчъэу метри 10-м нахьыбэкIэ зыпэчыжьэм лъэшэу дауи, хьагъэм Iэгуаор ридзагъ. Зэнэкъокъум апэрэ чIыпIэр къыщыдэзыхыщтыр къэшIэгъуаеми, МГТУ-р, «Мыекъуапэр», «ЧIыгушъхьэр» анахь лъэшхэм ахэтэлъытэх. Ащ дакIоу, «Урожаир» командэ дэгъоу зэрэщытыр тэшIэ. А. Ушениныр, С. Мирошниченкэр, нэмыкIхэри футболист IэпэIасэх, бэкIэ уащыгугъы хъущт.

Улапэ ифутболистмэ ешIэгъур ашIуахьыгъэми, къэтыубыхэрэп. Гуетыныгъэ ахэлъ, неущрэ мафэ яI. Пэунэжь Азамат япащэу яIэпэIэсэныгъэ хагъахъо. «Урожаим» ифутболистхэу Хьабэчыр Рустамрэ Денис Павловымрэ щэрыщэ «Квантым» икъэлапчъэ Iэгуаор дадзагъ. «Щагъдыим» ифутболистхэу Къохъужъ Рустам, Вадим Балабановым, Игорь Жегулиным, Сергей Мальцевым зэрызэ «Улапэм» икъэлапчъэ Iэгуаор дадзагъ.



**<u>ЯтIонэрэ купыр</u>**

**«Газпром» — «Динамо» — 2:2, «Джокер» — «Звезда» — 3:1, «Лавина» — «Фыщт» — 6:2 , МГТУ-2— «Нарт» — 2:1, «Картонтара» — «Спортмастер» — 3:4, «Радуга» — УВД — 2:3, «Факел» — «Зэкъошныгъ-94» — 3:2, «Ханскэр» — «Кавказ» — 1:5.**

Зичэзыу ешIэгъухэр тыгъэгъазэм и 3-м яIэщтых.

Сурэтым итыр: **МГТУ-м щешIэрэ Гъонэжьыкъо Азамат ухъумакIохэм аIэкIэкIы.**

*НэкIубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*